ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫНЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№51 (21.959) ● 2011 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 25, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Атмурзаевэ А. С. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэх зиIэ и артист» цIэ лъапIэр фIэщыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ зауэкьым хуищIа хьэлъхьэныгъэшхуэм кьыхэкIыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэх зиIэ и артист» цIэ лъапIэр **Атмурзаевэ Асият Сыхьэтджэрий и пхъум** - «Кулиев Кьайсын и цIэр зезыхьэ балъкъэр къэрал драмэ театр щэнхабзэ къэрал Іуэхущапіэм и актрисэм фIэщын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм гъатхэпэм и 23-м
№32-УП

Щэнхабзэм и лэжьакIуэм и махуэмрэ Театрым и дунейпсо махуэмрэ ятеухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭ

Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я лэжьакIуэ пщIэ зыхуэтщIхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цIэкIи сэ си цIэкIи сынывохуэу зэхэту фи Іэщагъэм хуХаха махуэмкIэ. Щэнхабзэм ди жылагъуэм дежкIэ иIэ мыхьэнэр кьыпхуэмылъытэн хуэдизщ.

ПсэукIэщIэ щыIэтедухуэу иджыпелй лъэхъэнэм мис а щэнхабзэращ дэ ди зэхуэдэ лъапIэныгъэхэр, дэ дызыхущIакъун хуей мурадкIэ зыуунэтIыпхъэр.

Абы кьыжьйуэ кьэралым сыт щыгъуи зыщIигъэкъуащ, иджыри и гульитэм щIэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр. ЗэблэкIыгъуэ зэманым гугъуехьхэр кьиша пэтми, щэнхабзэ Іуэхущапіэр тхуэхъумащ, лэжьакIуэхэм я Іэнатіэр яфIэкIуэдакьым, уеблэмэ Іуэхум хуэIэкIуэлъакIуэ куэд абыхэм кьахьихащ, Иужь илъэсхэм театр утыкуМрэ эстрадэмрэ Іэщагъэм куууэ хээщыщкI творческэ гупэр, уэрэджиIакIуэ лъэрыхьхэр яIэ хьэщ. Нэхьапэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъащIэм зэи кьыщыхьхьащхьем лъэпкъщэнхабзэм и лIэужкьыгъуэ куэдым апхуэдизу зиужьауэ.

Си фIэщ мэхъу зи Іэщагъэм фIыуэ хээщыщкIыу творчествэр зи гуращIу кьэгъуэгурыкIуэ лэжьакIуэхэр дяпэкIи Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм зегъэужьыным, ди цIыхубзм и хэкупсэм зиуэщIыным дяпэкIи я гуащI зэрыхалъхьэнур.

Дэтхэнэ лъэпкъри зыIэтыр езым и бжыгъэркъым, атIэ хэль щэнхабзэрщ, и псэмкIэ кьигъэщIифэ беягъырщ. Дэнэ щIыналъэ щIыуми, щэнхабзэм и бзэр псоми зэхащIыкI икIи кьагуроIуэ, фIымрэ щIыкуГъэмрэ кьыхуреджэ. А Іэмал гъуэзэджэр дэ нобэ кьэдгъэсэбэпын хуейщ лъэпкъхэм дзыкъ зэхуэмыщIыныгъ кьызэдэкIын, абыхэм зыгъэхащIыкIыу, мамырыгъэмрэ псэукIэр егъэфIэкIуэныгъэ я гуращIу дунейм тетын папщIэ.

А мурадыкIхэм фыпэпльэщыну, дэтхэнэми узыншагъэрэ я фIыгъуэрэ фиIэну сывохьэхьу.

Тут Заур Урысей Федерацэм и цIыхубз артистщ

Урысейм щIыхь зиIэ и артист, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгей республикхэм я цIыхубз артист Тут Заур кьыфIащащ «Урысей Федерацэм и цIыхубз артист» цIэ лъапIэр. Абы теухуа Указым УФ-м и Президент Медведев Дмитрий взэсмахуэ ІэщIидзащ.



● Хъыбар гуапэ

УКАЗЫМ икIи иткIэ «кинематографием, музыкэ, театр, хореографие гъуэзджэм я Іэнатіэм екъэлIауэ ябгъадэуфIыщIэ инымпапщIэ» а цIэ лъапIэр зыфIащахэм ящыщщ актер, режиссер цIэрыIуэхэу Гаголевэ Верэ, Вержбицкий Виктор, Добронравов Федор, Снежкин Сергей сымэ, нэгъуэщIхэри.

Ди пщэдейр нэхъыфI хъуну дыщогуГъ

Урысей Федерацэм и Президентым 2007 гъэм щыщхьэм и 27-м кьыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ яГъуэ ва Урысейм и щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я махуэр гъатхэпэм и 25-м щагъэльапIэ ди къэралым и щIыналъэ псоми. Абы прихьэлIэу дэ депсэльащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан.

- Руслан, фи махуэм теухуауэ укъэпсэльэну утыку укьикьхьэмэ, нэгъабзэ зэфIэвгъэкIа Іуэхуэхэм кьыхэогъэщхьэхуэкIынт?

- Лъэпкъ куэд щыпсэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ гъащIэр зыуубзыу Іуэхуэгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ абы щэнхабзэ утыку ин иIэн зэрыхуейр. Ар фIы дыдэу кьагуроIуэ республикэм и унафэщIэм. Псальэм папщIэ, гулытэ зыгъуэтын хуейуэ яГъэбелджылахэм ящыщщ театр гъуэзджэм зегъэужьыныр.

Кьапщтэмэ, «Урысейм и щэнхабзэ» программэм ипкъ иткIэ Налшык щауэхэ Театрэм я гъэпсыкIэр. Иджырей ІэмэпсымэфхэмкIэ кьэхуащIапIэм щылъэжьыгъуэ лъэпкъ театрищщIэ. Республикэм театр, концерт пшыхьэр зыхуей куэдзу щегъэкIуэкIыныжкIэ ар Іэмальифщ. Апхуэдэуи Музыкэ театрым и унэр, курортхэм я «Налшык» щэнхабзэ унэр зэрагъэпсыжащ.

Абыхэм щылажьэ артистхэр яГъэгущхуэн папщIэ, цIыху 600-м кьэрал стипендиехэр яратI. КЪР-м и Президентым грантхэр игъуэващ. Иджыпсту яужь дитщ Щукиным и цIэр зезыхьэ театр училищмрэ ГИТИС-мрэ ди щIалэгъуалэр зэрыдгъэкIуэнум, адыгэ, балъкъэр студиехэр кьэралращхьэ абыхэм зэрыщIедгъэджэнум.

2010 гъэм КЪР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм кьызэрыгъэпэщащ икIи иригъэкIыжащ лъэпкъ драматургием и тхыгъэ зэхьыфIкIи кьыхэхьыным теухуа япэ республикэ зэхьэзэхуэ. Урысей Федерацэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и гъусэу дэ догупсыс профессионалыгъэ зэрыгъэпсыжащ. Ди театрхэр Урысейм и кьалэхэм, нэгъуэщI кьэралхэм кIуэфыным екьэлIа Іуэхуэхэм икIи аэрэ эхтIэдоублэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Щэнхабзэм и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен

Нэхъ гъунэгъу захуещI

Зэраубзыхуам тету, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен цIыхухэр я щхьэ Іуэхукі регъэблагъэ. Зи чэзу ащхуэдэ зэгъущIэм республикэм и Іэтащхьэм унагъуэ щыщкIуэным я гуныкьуэгъуэхэр щызэригъэщIащ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

●КъБР-м и Президент

КъЭХъУН къуажэм щыщ Хьэмыкъуэхэ я унагъуэр мыпIейтеижми хьунущ. Зэщхьэгъуэхэм узыфэ гъэтIылъа зэрапкърытым, псэуПI хэха зэрамыIэм кьыхэкIыу, абыхэм Президентым мылькуКIэ защIигъэкъуэнущ.

Хьэтуейдэс Лашэ Ритэ и унагъуэм ныкъуэдыкьуитI исщ. Я унащхьэ зэхьэкIымыкIэ кьыдэIэпыкьуну щIэльэIуати, республикэм Унафэщым ар зи кьалэн Іэнатіэхэм ящырыль ящIащ.

Яныкьуей къуажэм щыщ Хачуевэ Разияти апхуэдэ Іуэхутхьэбзэ хуащIэнущ.

Бахьсэн кьалэдэс Хьэгъур Хьэбидэт кьигъэсбэпа газым пэкIуэу хуэтрихьа щIыхуэр хуапшыныщ. И унагъуэм ныкъуэдыкьуэхэр зэрыщIэсым кьыхэкIыу, абы пэльащIыкъым.

Дальнэ къуажэм щыщ Нэгъуей Марие и псэуПIэр зэрызэригъэпэщыжьым мылькуКIэ кьелъэIуати, Президентым ар игъэщIэхуакьым.

Октябрьскэ жылагъуэм щыпсэу Борш Светланэ и къуэр зэрысабийрэ сымаджэщ, операцэ щIы бжыгъэхэр игъэунэхуащ. Мэзкуу къалэм зэрыкIуэнуми, къызэрыщIэзэнуми кьэзэрэ республикэм и Іэтащхьэм абы хуитынущ.

Нашлык щыщ Полонскэ ФатIимэ Іэдэм унагъуэ хуэмыщIам коммунальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкIэ хуэзтрихьа щIыхуэхэр хуапшыныщ.

Картлыков Самат Тырныауэ кьалэм щопсэу. Абы республикэм и Іэтащхьэм зыкьыхуигъэзащ и сабиитIым кьригъэIэзэн папщIэ зыщIигъэкъуэну. Кьаноокъуэ Арсен а лъэIур хуигъэзэщIащ.

Мирошниковэ Иннэ и щхьэгъусэм фэбжь игъуэтащ. Абы Президентым мылькуКIэ зыщIигъэкъуэнущ.

Щоджэн Альбинэ дихуэдэ дэIэпыкьунытI игъуэтынущ.

Налшыкдэс Теммоев Михаил зигъэхьужьын папщIэ мылыку хухахынущ, коммунальнэ Іуэхутхьбзэхэм я уасэр хуатынущ.

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен цIыхухэм зэрахуэзэм лъэныкьуэхэм я зэпыщIэныгъэр егъэбыдэ. Апхуэдэ зэIуущIэхэр мазэ къэс кьызэрагъэпэщынущ. КьищынымыщIауэ, Къанокъуэ Арсен связым и Іэмалхэмкіэ цIыхубзым яхуоэз. КъБР-м и Президентым и официальнэ сайтым интернет хэщIапIэр щолажьэ. АбыкIэ зыхуэзыгъазэхэм я тхыгъэ псоми республикэм и Унафэщым зыхегъэгъуэзэ, иужькIэ зыхуэфащэ министерствэхэмрэ Іуэхущапіэхэмрэ пщэрыльныхькIэхэр ящещI.

ЩОКЪАРЭ Залинэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэм и унафэщI.

Псори зэпалъыту зыхуагъэхьэзыр

●ЗэIуущIэхэр

Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр, узыншагъэр егъэфIэкIуэныр кьызэгъэпэщыным теухуа зэIуущI ящыкIагъэ екIуэкIащ.

АБЫ ХЭТащКъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Гертер Иван,** республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, узыншагъэр ягъэмэнымкIэ и министрхэу **Тобеев Альберт, Щхьэгъэпсо Сэфарбий, Амщокъуэ ФатIимэт** сымэ, КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщI **Ахьей Фаинэ,** къэрал санитар дохутыр нэхъыщхьэ **Хьэцыкіу Климентий,** ведомствэ щхьэхуэхэм я лIыкIэр.

Гертер Иван зэIуущIэ кьыхэIуихри, кьыхигъэщащ сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр тэмэму кьызэгъэпэщынрэ кьапэщIыль кьалэн нэхъыщхьэхэм зэращыщыр икIи ар зи пщэ кьыдэхуэу дэтхэнэ зыри Іуэхум жэуалIыныгъэ пылъу Іуэхущапіэм и унафэщIагъ.

- БлэкIа илъэсым сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр кьызэгъэпэщыным, я узыншагъэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа лэжьыгъэр хьарзынэу зэффэдгъэкIащ, - жилащ Тюбеев Альберт, - Ди гурăуэщ мы илъэсми а Іуэхум хьарзынэу дехьулIэну. Кьапщтэмэ, абы хухахащ сом мелардэ 2,2-рэ, мы илъэсым ныбжьыщIэ мин 65-м щигъу а Іуэхум кьызэщIедгъэубыдэну ди мурадщ. ТарифхэмкIэ кьэрал комитетым уасэхэр иубыдхуащ. Абуэдэу санаторэм щыIэ сабийм зы жэщ-махуэм хуэзэу трагъэкIуэдэнущ сом 676-рэ, узыншагъэр щагъэфIэкIуэжь лагерым зи зыгъэпсэхугъуэр щызыгъаIэкIуэм сом 481-рэ хуоэз, школхэм кьыщыхьэрагъэпэщ лагерхэм екIуалIэхэм сомИ 141-рэ хухах.

ЕджапIэхэм щызыкъэ лагерхэм сабийхэм тэмэму зыщагъэпсэхуа зэрымыхьэр кьыхиГъэщу, министрым жиIащ а Іуэхум егъэфIэкIуэным нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ иужь зэрихьэнур. Абы и лъэныкьуэкIэ дяпэкIэ я мурадщ цIыхухэм я узыншагъэр хьумэным хуэунэтIауэ республикэм иIэ Іэмал псори кьагъэсэбэпыну, сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр щыпIэм и санаторэхэм, кьалэ щыбым щыIэ лагерхэм щагъакIуэу зэтраублэну.

- Псом хуэмыдэу гульитэ хуэщIын хуейщ сабийхэм я шыпагъэшагъэр кьызэгъэпэщыным, - жилащ Тюбеев Альберт. - Абы щыпIыхьакIуэ щашэкIэ, Іэмал имыIэу ягъусэн хуейщ хабзэм и хьумакIуэхэр. Апхуэдэу ахэр здэщыIэ дэтхэнэ зы Іуэхущапіэрэ, абы гуэзвэгъуэ кьыщыхьэ хьумэ, хабзэхьумэ Іэнатіэхэм псынщIэу хьыбар зэрребгъащIэ хьу Іэмэпсымэхэмкіэ кьызэгъэпэщауэ, видеокIэлъыплъыныгъэхэр щрагъэкIуэкIыу щытын хуейщ. Адэкіэ сабийхэр зэрагъашхэми, абыхэм я зэманыр щIэхьэпагъ пылъу кьызэрыхуэзрагъэпэщми тIкIийуэ дыкIэлъыплъынущ. Сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр щIэщыгъуэу, я кьэухым зрагъэужьу кьызэгъэпэща хьунымкIэ республикэм Щэнхабзэмкіэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, Спортымкіэ, туризмымрэ курортхэмкIэ и министерствэхэри кьыддэлэжьаныпхъэщ икIи абыхэм программэ щIхьэхуэхэр зэхахъэувэну дащогуГъ.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий кьыщыпсалъэм жиIащ а лъэхъэнэм я лэжьыгъэр зэрекIуэкIыну жыпхъэр зэрадубзыхуар икIи кьыхэригъащ кьыддэлэжьаныпхъэщ икIи абыхэм программэ щIхьэхуэхэр зэхахъэувэну дащогуГъ.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий кьыщыпсалъэм жиIащ а лъэхъэнэм я лэжьыгъэр зэрекIуэкIыну жыпхъэр зэрадубзыхуар икIи кьыхэригъащ кьыддэлэжьаныпхъэщ зыгъэпсэхуПIэхэм, узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж Іуэхущапіэхэм я зегъэужьыгъэр кьыщыхьахкIэ бынунагъэушхуэхэм, унагъуэ хуэмыщIакъым кьыхэкIаХэр, сабий зеиныжэр, ныкьуэдыкьуэхэр, кьэзыльхуахэм я мыпIыкьжэр, зыми и нэIм щIэмытхэр япэ зэрыгъэпсыжыр.

ЩХЪЭЩЭМЫЩI Иэз.

Ди пщэдейр нэхъыфI хъуну дыщогуГъ

Урысей Федерацэм и Президентым 2007 гъэм щыщхьэм и 27-м кьыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ яГъуэ ва Урысейм и щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я махуэр гъатхэпэм и 25-м щагъэльапIэ ди къэралым и щIыналъэ псоми. Абы прихьэлIэу дэ депсэльащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан.

- Руслан, фи махуэм теухуауэ укъэпсэльэну утыку укьикьхьэмэ, нэгъабзэ зэфIэвгъэкIа Іуэхуэхэм кьыхэогъэщхьэхуэкIынт?

- Лъэпкъ куэд щыпсэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ гъащIэр зыуубзыу Іуэхуэгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ абы щэнхабзэ утыку ин иIэн зэрыхуейр. Ар фIы дыдэу кьагуроIуэ республикэм и унафэщIэм. Псальэм папщIэ, гулытэ зыгъуэтын хуейуэ яГъэбелджылахэм ящыщщ театр гъуэзджэм зегъэужьыныр.

Кьапщтэмэ, «Урысейм и щэнхабзэ» программэм ипкъ иткIэ Налшык щауэхэ Театрэм я гъэпсыкIэр. Иджырей Іэмэпсымэфхэмкіэ кьэхуащIапIэм щылъэжьыгъуэ лъэпкъ театрищщIэ. Республикэм театр, концерт пшыхьэр зыхуей куэдзу щегъэкIуэкIыныжкIэ ар Іэмальифщ. Апхуэдэуи Музыкэ театрым и унэр, курортхэм я «Налшык» щэнхабзэ унэр зэрагъэпсыжащ.

Абыхэм щылажьэ артистхэр яГъэгущхуэн папщIэ, цIыху 600-м кьэрал стипендиехэр ират. КЪР-м и Президентым грантхэр игъэващ. Иджыпсту яужь дитщ Щукиным и цIэр зезыхьэ театр училищмрэ ГИТИС-мрэ ди щIалэгъуалэр зэрыдгъэкIуэнум, адыгэ, балъкъэр студиехэр кьэрал ахъшэкIэ абыхэм зэрыщедгъэджэнум.

2010 гъэм КЪР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм кьызэрригъэпэщащ икIи иригъэкIыжащ лъэпкъ драматургием и тхыгъэ зэхьыфIкIи кьыхэхьыным теухуа япэ республикэ зэхьэзэхуэ. Урысей Федерацэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и гъусэу дэ догупсыс профессионалыгъэ зэрыгъэпсыжащ. Ди театрхэр Урысейм и кьалэхэм, нэгъуэщI кьэралхэм кIуэфыным екьэлIа Іуэхуэхэм икIи аэрэ эхтIэдоублэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).



Ягъэкъуаншэхэр яубыд

Палестинэ лъэпкъ администрацэм (ПНА) и властым махуэкIи я жэщым иубыдащ «Ислъам джихьад» радикал гупым и унафэщI зыбжанэ. А гупыр Израильм ятекIуэлъапIэ яджыдатеIэ Иерусалим теракт щалэжьауэ.

А щIэпхьаджагъэм хэкIуэдащ зы цIыхубз, цIыху 50-м щигъу уIэгъэ хуэщ.

«Махуэкум и нэхущым Палестинэм и хабзэхьумэ Іуэхущапіэхэм яубыдащ ди унафэщIхэу Джарадат Халедрэ Каадан Тарекрэ», - къет «Ислъам джихьад» гупым я хьыбарегъащIэ къудамэм. Абы зэрыжиIэмкIэ, Палестинэм и хабзэхьумэ оргахэр иужь итщ адрей унафэщIхэри яубыдыну икIи ПНА-м и властым паубыд ягъэтIысахэр щхьэхуит къащIыжу адрейхэми я гугъу ямыщIыну.

ПНА-м и Іэтащхьэ Аббас Махьмудрэ и премьер-министр Файяд Саламрэ ягъэхьэнщащ Иерусалим теракт щызыIэжьахэр.

Мамырыгъэр зэрагъэбыдэ щIыкIэр

США-м и «Reuters/Ipsos» Іэнатіэу щIыхуэхэм я Іуэхуеиныкьи кьызыхуэгъэнащ. Ливием теуа къэралхэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэр зэрыхэтыр тэмэму къальитэ абы щыпсэум я процент 60-м.

Іуэхущапіэм и лэжьакIуэхэр зэуущIахэм щыщу процент 48-м я аIащ я президент Барак Обамэ «сакъыу икIи жыжьэрыпльэу», процент 36-м кьафIэщIащ абы «тегушхуэ хуримыкъуу икIи гуитI-щхьитIу», процент 17 кьудейращ ящыгъэ я президентыр «къарууфIэу икIи акъыл жану».

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, Ливием зэгухьэу теуахэр кьэрал 13 мэхъу. Абы яхэтщ Инджильзыр, Франджыр, США-р, Кэнадэр, Бедынер, Италиер, Испаниер, Даниер, нэгъуэщIхэри. Ливием и властым кьызэритымкIэ, гъатхэпэм и 19-м щыщIэдзауэ, абыхэм я Іэщ Іуэхуэ кьаращ мамыру псэу щIыху куэд.

Бэрэжьейм Пентагоным кьызэритамкIэ, а къэралхэм я кьэухьльатэхэр 300-рэ Ливием еуэну уэгум заIэтащ, «Томагак» ракетэу ящрэтIыпщащ 160-м щIигъу. Абы щыщу ракетэ нэхьыбэр зейр «мамырыгъэр зэриГъэбыдэм папщIэ» 2009 гъэм Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща президент Барак Обамэ зи унафэщI США-рщ.

Нэгъабэрейм йофIэкIэ

«Росстат» Іуэхущапіэм кьызэригъэмкIэ, зи лъэныкьэкIэ хильафэ предприятэу Урысей Федерацэм итым я бжыгъэр нэгъабэ елъытауэ 2011 гъэм и щIышылъэм ирихьэлIэу зы процентрэ ныкьукIэ нэхъ мащIэ хъуащ. 2010 гъэм и щIышылъэм ящхьэхуэрэ процент 38,6-м нэблагъэт, иджы процент 37,1-м кьехащ.

Мы гъэм и щIышылъэм Урысейм и предприятэ мин 20,2-рэ зэхэту я лэжьыгъэкIэ хильафащ сом мелардэ 153,4-кIэ. А тэмэн дыдэм кьрибубдэу Іуэхущапіэ мин 34,3-м кьаухэхуар сом мелардэ 839,1-рэ ирокъу.

ХьэрычэтыщIэ цIыкIум и Іуэхущапіэхэр, банкхэр, страховой Іуэхущапіэхэр, бюджет организацэхэр хэмыту, «Росстатым» кьызэритымкIэ, Урысейм и предприятэхэм зэхэту къаухъуари яхэщIари зэхэплъхьэжмэ, кьанэ хэхъуэр сом мелардэ 685,7-рэ мэхъу. 2010 гъэм и щIышылъэм апхуэдэ бжыгъэр сом мелардэ 438-м зэрыщIигъу щыIэтэжкьым.

НэхьыфIу лэжьахэм ящыщщ щIым и хъугъуэфIыгъуэхэр кьыщIэхьыным пыщIа Іуэхущапіэхэр, мэжьмэзэ щIэуплIэ зиIэщ. Ар кьызэгъэпэщащ шынагъэушагъэ щIэнтэгъ 6, дунейм и щIыкIэм кIэлъплъ Іэмэпсымэ, жэщым фIыуэ уэзыгъэлъагъу, гъуэгу дамыгъэхэр зыгъэбелджылы, нэгъуэщI ІэмэпсымэхэмкIэ, шофер тетIысхьэпIэм массажер хэтщ. Ди къаралым абы щиуасэу щытынум утепсэльыкьыну пасэщ, езы Тайваным доллар мин 35-кIэ щащэ.

Парламентым и унафэщIыр кьыхахуэ

АДЫГЕЙ. ***Щыуухэр лэжьыгъэ Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыныжмкIэ къэрал кьулыкьу Іуэхущапіэм и унафэщI Федерацэм и Федор республикэ парламентым и тхьэмадэу ягъэувынкIэ хъунущ.***

«УРЫСЕЙ зэкъуэт» партым и Советым и президиумым Урысей Федерацэм и субъектэм власть и хабзэгъэщхьэ Іэнатіэхэм я кьулыкьухэм я кандидатурэхэр иубыхуащ. Абыхэм ящыщщ «Урысей зэкъуэтым» хэт, Адыгэ Республикэм и Къэрал Совет-Хасэм и етхуанэ зэхуэсым и депутат Федоркэ Федор.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Зэрызэщдэлэжьэнур яубзыху

АБХЪАЗ. ***Урысеймрэ Абхъазымрэ я таможеннэ Іэнатіэхэр 2011 гъэм зэрызэдэлэжьэнум теуха дэфтэрым Іэ щIадзынущ.***

УРЫСЕЙ Федерацэм и федерал таможеннэ кьулыкъум и унафэщI Бельяминов Андрейрэ Абхъазым и таможеннэ комитетым и тхьэмадэ Таркил Саидрэ пэжыгъэ Іуэхукіэ зэрызэхуэзам кьрикIуахэм, зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэхэм Сыхъум Іэ щытрадзэнущ.

Тайваным гуроIуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Мыгувэу Урысейм кьыщыщIагъэкIыну я мурадщ Porsche Cayenne автомашинэ пIэжьыгъуэр. Ахэр Черкесск дэт Deriays заводым щыщIэкIрагъэкIыным теухуа зэгурыIуэныгъэхэм Тайвань и Yulona фирмэм иращIылъэ.***

УРЫСЕЙМ щызэпкърыкъуэну я мурад Luxgen7 SUV автомашинэр щIэуплIэ зиIэщ. Ар къызэгъэпэщащ шынагъэушагъэ щIэнтэгъ 6, дунейм и щIыкIэм кIэлъплъ Іэмэпсымэ, жэщым фIыуэ уэзыгъэлъагъу, гъуэгу дамыгъэхэр зыгъэбелджылы, нэгъуэщI Іэмэпсымэхэмкіэ, шофер тетIысхьэпIэм массажер хэтщ. Ди къаралым абы щиуасэу щытынум утепсэльыкьыну пасэщ, езы Тайваным доллар мин 35-кIэ щащэ.

Парламентым и унафэщIыр кьыхахуэ

АДЫГЕЙ. ***Щыуухэр лэжьыгъэ Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыныжмкIэ къэрал кьулыкьу Іуэхущапіэм и унафэщI Федерацэм и Федор республикэ парламентым и тхьэмадэу ягъэувынкIэ хъунущ.***

«УРЫСЕЙ зэкъуэт» партым и Советым и президиумым Урысей Федерацэм и субъектэм власть и хабзэгъэщхьэ Іэнатіэхэм я кьулыкьухэм я кандидатурэхэр иубыхуащ. Абыхэм ящыщщ «Урысей зэкъуэтым» хэт, Адыгэ Республикэм и Къэрал Совет-Хасэм и етхуанэ зэхуэсым и депутат Федоркэ Федор.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хамэщі гъэмахуэрэ хэкужь щIымахуэрэ я хуабагъ зыщ.

Зыщагъэпсэху, я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ

● Май куей

Республикэм бюджетым и мылькукIэ Май кьалэм щаухуэу мазищ и пэкIэ кьызэIуахэ физкультурнэ-зэшагъэр щрагъэфIакIуэ комплексыр куейм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и совет-тым и сессием и унафэкIэ. Муниципальнэ мылькум хагъэхьащ.

СПОРТ комплексыр цIыхунэ хъуркъым - хэгъэрейкъм бгъадэкIуэу, Прохладнэ, Тэрч, Аруан районхэм щыщхэри абы ІокIуаIэ. Псом хуэмыдэу, баскейнбир ягу ирохь, нобэ ирихьэлIэу абы и Іуэхутхьэбзэр цIыху миным нэблагъэ кьагъэсэбэпащ.

ФОК-м кIуэхэм я узыншагъэм кIэлъоплъ. Апхуэдэ гупхэм ядолажьэ сабий спорт еджаIпэм псы есынымкIэ и инструктор Асанов Руслан.

Спортымкіэ пэшым лэжьыгъэшхуэ щагъэкIуэкI. Абы атлетикэ псынщIэмрэ футболымрэ дихьэхэр щрагъаджэ, щагъасэ, троеборьджкIэ, стрейбол-лымкIэ, баскетболымкIэ, мини-футболымкIэ куей, республикэ зэпеуэхэр кьыщцIэзрагъэпэщ. Илъэсым и кIэм зыхуей Іэмэпсымэхэр щIагъэувэнурэ, хуейхэр тренажер пэшым ирагъэблэгъэнущ.

ДЮСШ-м и унафэщI Колесников Александр кьызэрыджIамкIэ, районным и щIыпIэ администрацэм и мызакъуэу, спонсорэмки ФОК-м мылькукIэ зыщIагъакъуэ. Кьапщтэмэ, «Нефтар» ООО-м атлетикэ хьэлъэмкIэ секцэм Іэмэпсымэхэр къыхуицэхуащ. КIэщIу жыпIэмэ, загъэпсэхуи, я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ, майдэсхэм Іэмал хъарзынэхэр яIэщ.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, районым щыщ кьэзакъэм хабзэ хьэлэмэтэхэр къадокIуэкI. Льэпкъ куэд зэрыс республикэм урысхэр зэуIуу щыпсэу и щIыпIэм зегъэужьыным щIыналъэ, муниципальнэ властым гульитэ хэха хуащI. Къэзакъ обществэхэр щIалэгъуалэм ядолажьэ, ахэр хэкупсэу яГъасэ, гъащIэ узынщэм хуаущий. Спортым Іэпкьлъэпкьыр испсыхьым и мызакъуэу, льэпкъ зэмылIужьыгъуэхэм щыщхэр зэкъуегъэувэ.

Май муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и пресс-Іуэхущапіэ.

Ягъэкъуаншэхэр яубыд

Палестинэ лъэпкъ администрацэм (ПНА) и властым махуэкIи я жэщым иубыдащ «Ислъам джихьад» радикал гупым и унафэщI зыбжанэ. А гупыр Израильм ятекIуэлъапIэ яджыдатеIэ Иерусалим теракт щалэжьауэ.

А щIэпхьаджагъэм хэкIуэдащ зы цIыхубз, цIыху 50-м щигъу уIэгъэ хуэщ.

«Махуэкум и нэхущым Палестинэм и хабзэхьумэ Іуэхущапіэхэм яубыдащ ди унафэщIхэу Джарадат Халедрэ Каадан Тарекрэ», - къет «Ислъам джихьад» гупым я хьыбарегъащIэ къудамэм. Абы зэрыжиIэмкIэ, Палестинэм и хабзэхьумэ оргахэр иужь итщ адрей унафэщIхэри яубыдыну икIи ПНА-м и властым паубыд ягъэтIысахэр щхьэхуит къащIыжу адрейхэми я гугъу ямыщIыну.

ПНА-м и Іэтащхьэ Аббас Махьмудрэ и премьер-министр Файяд Саламрэ ягъэхьэнщащ Иерусалим теракт щызыIэжьахэр.

Мамырыгъэр зэрагъэбыдэ щIыкIэр

США-м и «Reuters/Ipsos» Іэнатіэу щIыхуэхэм я Іуэхуеиныкьи кьызыхуэгъэнащ. Ливием теуа къэралхэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэр зэрыхэтыр тэмэму къальитэ абы щыпсэум я процент 60-м.

Іуэхущапіэм и лэжьакIуэхэр зэуIуу щыпсэу процент 48-м я аIащ я президент Барак Обамэ «сакъыу икIи жыжьэрыпльэу», процент 36-м кьафIэщIащ абы «тегушхуэ хуримыкъуу икIи гуитI-щхьитIу», процент 17 кьудейращ ящыгъэ я президентыр «къарууфIэу икIи акъыл жану».

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, Ливием зэгухьэу теуахэр кьэрал 13 мэхъу. Абы яхэтщ Инджильзыр, Франджыр, США-р, Кэнадэр, Бедынер, Италиер, Испаниер, Даниер, нэгъуэщIхэри. Ливием и властым кьызэритымкIэ, гъатхэпэм и 19-м щыщIэдзауэ, абыхэм я Іэщ Іуэхуэ кьаращ мамыру псэу щIыху куэд.

Бэрэжьейм Пентагоным кьызэритамкIэ, а къэралхэм я кьэухьльатэхэр 300-рэ Ливием еуэну уэгум заIэтащ, «Томагак» ракетэу ящрэтIыпщащ 160-м щIигъу. Абы щыщу ракетэ нэхьыбэр зейр «мамырыгъэр зэриГъэбыдэм папщIэ» 2009 гъэм Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща президент Барак Обамэ зи унафэщI США-рщ.

Нэгъабэрейм йофIэкIэ

«Росстат» Іуэхущапіэм кьызэригъэмкIэ, зи лъэныкьэкIэ хильафэ предприятэу Урысей Федерацэм итым я бжыгъэр нэгъабэ елъытауэ 2011 гъэм и щIышылъэм ирихьэлIэу зы процентрэ ныкьукIэ нэхъ мащIэ хъуащ. 2010 гъэм и щIышылъэм ящхьэхуэрэ процент 38,6-м нэблагъэт, иджы процент 37,1-м кьехащ.

Ди пщэдейр нэхъыфI хъунц дыщогугъ

(КIэухыр.
ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Театр Iуэхум пытщэу кIыхэдгъэщ хъунущ мыри. 2010 гъэм и щэкIуэгъуэм Налшык щекIуэкIащ УФ-м, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министерствэхэм, ди къэралым и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ а Iуэхущапэм ди республикэм щIэ и къудамэмрэ кIыхь зэрагъэпэща Iэху даХэ - Кавказ Ищхьэрэм и я1э театр фестиваль, «Iпщэ сценэ» эыфIащар. Зэхыхьэ купщафIэм хэтащ Iингуш, Къэрэшей-Шэрджэс, Шэшэн, Осетие Ищхьэрэ - Алание, Дагъыстан республикэхэм я къэралыгъо театрхэр. Абы щыгъуэ хьащIэхэм я бысымхэмрэ тепсэлыхьащ театр гъуэзджэм екъэлаIуэхэм, дызэчэнджэщащ ахэр зэрызэпсЫхэрыфIым теухуауэ. Аращ къыщыхальхьар «Iпщэ сценэ» фестивальэр дяпэкIи Налшык щызэха щIыну, абы Адыгеим, Абхъазым, Осетие Iпщэм я театрхэри кьрагъэблагъэ. Апхуэдэуи зэгупсысыпхъэщ, Iэмал иIэхэмэ, ар Урысейпсо фестиваль щIын, щекIуэкIыну щыпIэр Налшыкыу убзыхуэу «Урысейм и щэнхабзэр 2006 - 2011 гъэхэм» программэм ипкъ иткIэ кьаутIыпщ мылькум щыщ хуэхъун хуейуэ кьызэрагъэльэгъуар.

- Мы гъэм министерствэм кьыпэщыт кьалэныкъэм, зэфIэгъэкIын хуей Iуэхуэхэм щыщу ящэ хуэхъун хуейуэ кьыфIэщыт-ми и гугъу уэзгъэщIынут

- Центральнэ библиотекэ системэ жьыхуэтIу Iуэхущапэр зыхуей хуэзэу мэлажьэ, абы кьедзыIуа библиотекэхэм, зэрыхъум хуэдэурэ, я Iуэху дагъэкI. Нэхъыфlрэ нэхъ Iейуэ зэхэзэгъащхьэхукIыну сыхуейкъым, кьызыхьаахьи мыльку яIэу ямыщIу щытамэ, Iэхуэр нэгъэщIу, аУэ я фIэщIу: «Сэ Москва сыкIуэурэ спектаклхэм сыщепльфыIынущ, аУэ абы тезгъэкIуэдэну ахъшэр си лъэпкъым дежкIэ щхьэпэу мыбдеж спектакль щезгъэгъэувмэ нэхьыфIкъэ, абы текIуэдэну ахъшэр есту», - жызIэзэр щыIащ. Ди Iэхуэр кьыддзэяIыгъ апхуэдэ щыхуэхми нобэрей махуэр ейуэ кьызолъытэри, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэми зи мылькум, зэфIэкIым щымысхь щIыхь-экIи ехьулIэныгъэ яIу псэ у-ну сохьэухьу!

Президентри, Правительс тэвэри, ди министерствэри зэгупсысыр, мащIэ тщIэми, тхуэзэфIэкIыр зэхьэлIар ди щIыхьэращи, ди пщэдейр нэхъыфI, нэхъ дахэ хъуну дыщыгугъ щIыну.

Елсэлъар
ИСТЭПАН Залинэ.

Фыгъэ Руслан

щыжьын хуейхэр, щIэуэ ухуапэкIэр зы махуэкIи ильэскIи зэрызэфIэмыкIынур. Президент Кьанокьуэ Арсен пщэрыльх кьыщищIащ ильэси 3-5 пIалъэм кьриубыдэу кьуажэ кьэс клуб дэту, абы гупжьей эзмылIэужьыгъуэхэр щылажьэрэ щыхуэхэр кьекIуалIэу эзтедублэн хуейуэ. Абы пИкъ иткIэ кьажэ кьэс зы проект хуэхтынущ: клуб яIэу и унащхьэ зэхъуэжьын хуейм, ар зы Iуэхущ, зэрыщIыну Iуэгъэ зэгъэщIыжыкIыпхъэ - нэгъэуэщIи, зыри ямыIэу дэщIыхьыныр - ещанэщ. Абы-хэм ятеуэху программэ щхьэхуэхэр догъэхьэзыр.

- Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр щIэблэр гъэсэныкIэ кьалэныкъэу зи пщэ кьыдэхуэ щIыхуэхэщ. Абыхэм я улахуэр кьаруу я гъэкIуэдым пэкIуэ щыхуэнур сыт щыгъуэ?

- Зыхуэджа Iэщ1агъэр абы-хэм фIыуэ ямыльагутэмэ, я щIыхь бгъэдэтыкIэр, Iуэху бгъэдыхьэкIэр нэгъэщIу щытамэ, улахуэ кьаХьыкIэ театрмэ, библиотекэмэ, Щэнхабзэмкlэ унэхэмэ щыпхъэлэжьынутэкьым. Апхуэдэ щIыхь-эхрэ ди лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ зыхьхумэр.

Щэнхабзэ Iуэхущапlэхэм, абыхэм щылажьэ гупхэм, зэрыхьхиIэ, Правительствэм зэрызащIигъакIуэм пщы хэлъкъым. Псальэм папщIэ, Президентым и унафэкIэ театрхэм, ансамблхэм автобусхэр кьыхуащхъуащ. Абыхэм яхуэдгъэувэ кьалэнхэр ягъэззщIэныкIэ дзэпы-кьуэгъэ кьарзынэщ. Нобэрей законым кьыззригъэльэгъуэмкIэ, Iуэхущапlэм кьилэжьым и зэхуэдитIыр улахуэм хилъхьэну хуитщ. Ди Iэнатlэм щылажьэ щIыхум и хэхъуэр нэхъыбэ зэрыпщIыфын хэмIыпIэу зэкIэ щIэр а зыращ.

Ди гуапэ зэрыхъунщи, лъэпкъ щэнхабзэм хуэлажьэ, абы сэбэп хуэхьу Iуэхущапlэхэри щIыху, щхьэхуэхэри щIыщ. Гушыlэ щIыкIэу, аУэ я фIэщIу: «Сэ Москва сыкIуэурэ спектаклхэм сыщепльфыIынущ, аУэ абы тезгъэкIуэдэну ахъшэр си лъэпкъым дежкIэ щхьэпэу мыбдеж спектакль щезгъэгъэувмэ нэхьыфIкъэ, абы текIуэдэну ахъшэр есту», - жызIэзэр щыIащ. Ди Iуэхуэ кьыздгъэзыгъ апхуэдэ щIыхуэхэми нобэрей махуэр ейуэ кьызолъытэри, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэмэ зи мылькум, зэфIэкIым щымысхь щIыхь-экIи ехьулIэныгъэ яIу псэ у-ну сохьэухьу!

Президентри, Правительс тэвэри, ди министерствэри зэгупсысыр, мащIэ тщIэми, тхуэзэфIэкIыр зэхьэлIар ди щIыхьэращи, ди пщэдейр нэхъыфI, нэхъ дахэ хъуну дыщыгугъ щIыну.

Елсэлъар
ИСТЭПАН Залинэ.

● Гъуазджэм и лэжьакIуэхэр

КъБР-мрэ КъШР-мрэ щыIэхь зиIэ я артистхэр Шэрджэс Iэсият и макъ дахэм щIыхуэр дехьэх. Ар илъэс куэд хьууэ Налшык дэт Музыкэ театрым и солистхэр пажэщ.

Сурэтыр **КЪУЩХЬЭ Чэмиз** *трихащ.*

КъБР-м и щIалэгъуалэм жаIэ:

«Дэ дыщальхуа Къэбэрдей-Балькъэрым и къэкIуэнур кьытфIэмыIуэхуу дыщытынукъым»

Къэбэрдей-Балькъэрым и щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм гъатхэпэм и 21-м Налшык къалэм щрагъэкIуэкIащ республикэм щыIэ жылагъуэ-политикIэ щытыкIэм теухуа зэIущIэ убгъуа. Щ1алэгъэмрэ хъыджэбзхэмрэ жаIащ республикэм тэмэму зегъэужьыным хэлэжьыхьыну зэрыльэ3ырыр икIи КъБР-м и щIалэгъуалэр кьыхураджащ щытыкIэр зэIэзыгъэхьэну хущIэкъу кьарухэм я хьыдгъэзэхэм зыдрамыгъэхьэхыну. ЗэIущIэм кьыщащтащ округым, республикэм и унафэщIхэм, цIыхубэ хъыбарегъащIэ ТIэнатIэ-зэрызыхуагъаз3 тхыгъэ зэIуха.

Урысей Федерацым и Правительствэм и унафэщIым и къудэз, Урысей Федерацым и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федральнэ округым щыIэ Хлопоник А. Г.,
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент Кьанокьуэ А. Б.,
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и ТхьэмадэЧеченов А. А.,
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и жылагъуэм, цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм яхуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIалэгъуалэм къабгъэдэкI тхыгъэ зэIуха

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щ1алэгъуалэ правительствэм къыбгъэдэкIыу:

Республикэм и унафэщIу илъэс щэщIым нэблагъэкIа лжьа къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэ, «политикэ тхьэмадэ» Мэлбахьуэ Тимборэ Кьубатий и кьуэм зэгуэр итхауэ щытащ: «Ди Къэбэрдей-Балькъэрым и тхыдэм хиубыдэу щыIащ бы-дзышэкIэ зыпIа и careм и бгъэм едзэкъэжа цIыху щхьэхуэхэр. Ауэ дяпэкIи кьыкъуэкIынущ ана бы-дзышэкIэ загъэнщIа нэужь, нэхъ пылпIэ дыдэу дунейм тетым - я анэм, я пIэм-кьым - еубыкIтхьжьи кьуэрт». Нобэ, ди жагъуэ зэрыкъущи, а псальэхэм лъабжьэ зэрагъэ рикIи апхуэдэ Iуэху пыуыкIаХэр зэрыщIэр наIуэ мэхъу.

Дэ ди жагъуэ зэуэ дыкIэлъоплъ, лъэпкъ зэхэгъэжьныгъэр и лъабжьэу, языныкъуэхэм зэгъэщагъэхэр зэрызэрахьэм, цIыхухэм я зэхэщIыкIэр зэблашыну зэрыхуэщIкъым. Лъабжьэ щIэуэсыгъэм имыбзу псори убыным фIэкI кьалэн зэпыщIу жылагъуэ зэгухьэныгъэ жьгъэйкIэри кьаКъуокI. Республикэм и унафэщIхэр гъэпудыным и мызакъуэу, апхуэдэ лэжьыгъэр зэрыщIыну жылагъуэм, цIыхубэм зэгурымыIуэныгъэ яхэлъхьэным зэрыхуэунэтIам шэч кьыщIытепхьэн щIэIэкъым. Абыхэм кьагъэсбэзэн Iэмалым и лъабжьэр япэ щIыкIэ тхыгъэ фIейжэмкIэ власть-тым и лъэр щIэудыныр, итIанэ КъБР-м жылагъуэ-политикIэ зэгурымыIуэныгъэхэр кьыщIигъэхьеиныр. Абы кьыхэкIыу иджыпсту зэтеуба щытыкIэмкIэ дэ кьуанщагъэ зыбгъэдэлъхэм ящыщу кьыдольытэ зи кьалэнхэм хьэлэну бгъэдэмыт языныкъуэ цIыхубэ кьыбгъарегъащIэ Iэнатlэхэр. Езыхэм кьыдагъэкI гаэтхэр е сайтхэр хагъэуэн мурадкIэ, зи щхьэ Iуэху фIэкI зезымыхуэ журналистхэм лъабжьэ лъэпкъ зимыIэ статьяхэмрэ зыгуэрхэм кьабгъэдэкI тхыгъэхэмрэ кьыгъэдэху, ауэ абыхэм жэуап ихьыркьым Къэбэрдей-Балькъэрым Кавказ Ищхьэрэм исхэм я мызакъуэу, зэрыщыту къэралым щыпсэу цIыхухэр гуитI-цыхьитI зыщI апхуэдэ тхыгъэхэм папщIэ. Абы кьыхэкIыу ди къэралым и унафэщIхэм апхуэдэ цIыхубэ кьыбгъарегъащIэ Iэнатlэхэр зэрыщыщIм гу лъедгъэтэну, ахэр административнэ жэуапым, хуей щыхъуи и деж, лъэпкъ зэгурымыIуэныгъэхэр зэрызэщIагъэстыж папщIэ зуполитикэ жэуапым ирашэлIэну кьыхуедджэну дыхуейщ. Пэжщ, демократие щыIэщ, щхьэж иту илъыр жиIэну хуитщ. Ауэ мыбдеж я Iэщ1агъэм жэуапплIныгъэ пылъу бгъэдыхьэну, журналист щэн мардэхэр кьызэпамыудыну, тхыгъэхэр щагъэхьэзыркIэ, язныкъуэхэм деж езыхэри зыщыымыгъуаз3 Iуэхуэхэм щытепсэлыхьхIэ нэхъ сакъыу щытыну дэ щIыхуфэ кьыбгъарегъащIэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр кьыхуджэ.

Нобэ республикэм и унафэщIхэр сепаратизмым и телъхьэу зыгъэIу цIыхухэр езыхэрщ республикэр зэгуагъэкIыну, ар зэхэуауду, ди лъэпкъхэр бий зэхуэщIыну зэрыхущIэкъуар кьащемыкъуIа 90 гъэхэм дыхуагъэкIуэжыну зи мурадыр. Апхуэдэ хущIэкъуныгъэр абыхэм а лъэхъэнэм кьехьулIакъым, иджыри кьехьулIэнукъым!

Хуабжу гушIыхьэ ди республикэм и гъащIэм кьыщыхъу зэхъуэжьныгъэфIхэр зыльгъагъуу хуэмей, щIыналъэм и унафэщIхэм зэфIагъэкIа лжьыгъэшхуэзэр хэзыютэну хуущIэкъу кьарухэр зэрыщIыр.

Апхуэдэу щыт пэтми, кьыщыпытхэнкIэ Iэмал зимыIэ Iуэху пыуыкIаХэр мащIэкъым. БгъэкIа илъэситхуи кьурибыдэу республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэр щэщIагъэ екIуэкIащ, ар нэхъри нэрыльагъу мэхъу, Кавказ Ищхьэрэм щыщ щIыналъэ куэдым я Iуэхур зыIутыр кьэпльытэмэ. Лъжьыгъэхэр егупсысагъэ икIи зэкIэлъыкIуэу зэрырагъэкIуэкIым и фIыгъэкIэ, зи кьэмыхьуауэ, КъБР-р нэгъабэ кьыхасчэкIыжащ егъэлеяуэ дотацэ куэд зыхуаутIыщIащ щIыналъэхэм (2005 гъэм ар процент 70 хуэуэ щытIамэ, 2010 гъэм процент 51-м нэсу ёхащ). Республикэм инвестицэ лъжьыгъэр зэман кIыхьым тещIыхьауэ зэрекIуэкIыну закон лъабжьэхэр кьыщащтащ, иджырей технологиехэр кьэзыгъэсэбэн Iэнатlэхэм папщIэ Iэмал хъаршэнхэр кьыщIэзэрагъэпэщащ икIи абыхэм я фIыгъэкIэ 2009 гъэм и закъуэ лжьаплIэ Iэнатlэщуэ мини 4 кьыщIэзэрагъэпэщащ. Республикэм и муниципальнэ районхэм яхэткъым иджырей предприятэхэр кьыщыязэIуамыкъа.

Хьэрычэт Iуэху цIыкIумрэ зыгъэпорэ, щIалэгъуалэм я кьэрычэт лэжьыгъэри хэту, зэрызыщIагъакъуэ системэ зи щымыIауэ зэтрагъэуващ икIи ар федеральнэ, щIыналъэ экспертхэм кьалъытащ адрейхэм я дежкIэ щапхъэ бгъэлъагъуэ хъуну. ЦIыхухэр лжьаплIэкIэ кьыззгъэпэщыным, бизнесым я лъэныкъуэкIэ Iэмал хъарзынэхэр зэтеуващ.

Ди республикэм и закъуэщ экономикэм папщIэ унафэщI кадрхэр гъэхъэзэрыныкIэ зыхуэфIэдэн щымыIэ программэ кьыщагъэсэбэпыр. Абы ипкъ иткIэ щIалэгъуалэм пщIэнэщэу иджырей щIэныгъэ Европэм щызэрагъэгъуэтыну Iэмал яIэщ.

Турист кластерым и гугъу пщIымэ, куэдрэ зэхьдоу Iуащхьэмахуэ лъапIэ «Швейцарие мыину» кьалъытэу зэрыжаIэр, апхуэдэ щIыр пэжмэ, дэри Швейцариеи исхэм я гупсысэкIэм зыхуэдгъэсэн хуейр. Яныныкъуэ «цIыху пэжхэм» бюджет мылькур республикэм и унафэщI нэхъыщхьэхэм зэбграх хуэдэу кIэралъхьэну зэрыхущIэкъуам, абы и лъэныкъуэкIэ кьапщтэмэ, лъабжьэ лъэпкъ иIэкъым. Фейдэшхуэ кьызыпыкI, щIэунщIэ зиIэ иджырей турист Iэнатlэ КъБР-м кьыщызэдгъэпэщыну дыхуеймэ, дэ кьыдгурыIуапхъэ, абы папщIэ нэгъэщI щIыналъэхэм щыщ инвестторхэр кьедмышлапIэу, ахъшэу мелард куэд тедмыгъэкIуадэу а Iэнатlэр зэрызэтедмыгъэувэфынур. Абы и лъэныкъуэкIэ гурыIуэгъэкIыным язныкъуэ «жылагъуэ лжьакIуэхэр» кьыщIитхъутхъукIыр, сыту жыпIэмэ туризмымкIэ индустриием зегъэужьыным зыхуэунэтIар лжьаплIэ Iэнатlэщ-хэр кьызэгъэпэщынырщ, цIыхухэм я псоукIэр егъэфIэкIэуэнырщ, КъБР-м и щэнхабзэ-тхьэ, щIыналъэ зыужьыныгъэхэр хьумэнымрэ ахэр зэгъэзэхуауэ кьэгъэсбэпынымрэщ.

Апхуэдэ цIыхухэр щIэх-щIэхыурэ Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыщытхъэусыхэр республикэм зэран кьыхуохъу, КъБР-м и цIэр Iейкlэ зэгъэпэщу икIи абыхэм щытыкIэр зэрыщымыту зэрагъэIуам зи ахъшэр ди экономикэм кьыхъэзылъхьэну жьэзэр инвесторхэр Iуагъэ щIт.

Илъэситку блэкIам ди республикэм щызэтрагъэува социальнэ инфраструктурэр зэгъэпэщыным адрей щIыналъэхэм илъэсипщI бжьыгъэкIэр щолэжь. Энергие кьэлэжьныныкIэ щIыупсэ кулеиргъэшхуэ дбгъэдэлъхьым, апхуэдэу щыт пэтми, социальнэ тупсми - сабийхэми, пенсионерхэми, нысъуэдыкъуэхэми, ветеранхэми, анэхэми, унэгъащIэхэми, кьэралыр зэпымыуэу ахъшэ хъарзынэкIэ ядолIэныкъу. ЛэжьапIэншэхэм ящыщу щIэныгъэ хэха зимыIэхэми, езыхэр лэжьэну хуеймэ, я щхьэ зэрапIыжьын Iуэху зэтрагъэувэн, бизнесым хьихьэн папщIэ, федеральнэ бюджетым кьыхэкI субсидие кьыIахьфрыкIуэ. Социально-экономикэ зыужьныныгъэр зэрекIуэкI Республикэм и щIалэгъуалэ Къэбэрдей-Балькъэрым хохьэ кьэралым и щIыналъэ нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ зызыужьхэм.

Ужьырей илъэсхэм Урысей Федерацым и Правительствэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм и Iэнатlэ пэрытхэм ящыщ хуэщI щIалэгъуалэ политикэр. Проект зэмылIэужьыгъуэхэр зэхалъхь икIи ягъэзащIэ. Нобэ Къэбэрдей-Балькъэрыр ящыщщ щIалэгъуалэ политикэр нэхъ екъуIэныгъэ пылъу пхызыIэкI субъектхэм. Абы и щыхьэту кьэпплъэту хьунущ КъБР-м законэр кьыдэзыгъэкI и властым, къэралым и политикэ кьарум пэрыт «Урысей зэкъуэт» партым, республикэм и кьулыкъущIэ нэхъыщхьэм я деж щIалэгъуалэ организацэхэр кьызэрыщIэзэрагъэпэщар икIи ахэр сэбэпынагъэ пылъу зэрылажьэр, зи мыхьэнэр мынэхъ мащIэ нэгъуэщI щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр зэрыщIэр. Шэч хэмылъу, а псори зи фIыщIэр Къэбэрдей-Балькъэрым и унафэщIхэрщ, республикэм и щIалэгъуалэм я жэрдэмхэр дэтхэнэ Iэнатlэми жьыдэжу щыдэзыIыгъ КъБР-м и Президент Кьанокьуэ Арсенщ. Абы кьыхэкIыу дэ дыщальхуа республикэм щекIуэкI Iуэхуфlхэр кьэдмылъытэу лъэныкъуэкIэ дыщыт хъунукъым. Иджыпсту щIалэгъуалэм Iэмал псори ягъуэтащ езыхэм я жыгIэфрынущ Къэбэрдей-Балькъэрым и щIалэгъуалэм ябгъэдэль зэрыгъэпащIэ Iэмал псори яIэщ. Урысейпсо, дунейпсо Iуэхугъуэ куэдым дызэрыхэтам кьыхэкIыу дэ жыIэфрынущ Къэбэрдей-Балькъэрым и щIалэгъуалэм ябгъэдэль зэрыгъэпащIэ Iэмал псори яIэщ. Урысейпсо, дунейпсо Iуэхугъуэ куэдым дызэрыхэтам кьыхэкIыу дэ жыIэфрыпущ Къэбэрдей-Балькъэрым и щIалэгъуалэм ябгъэдэль зэрыгъэпащIэ Iэмал псори яIэщ. Урысейпсо, дунейпсо Iуэхугъуэ куэдым дызэрыхэтам кьыхэкIыу дэ жыIэфрыпущ Къэбэрдей-Балькъэрым и щIалэгъуалэм я зэфIэкIэр ягъэлъэгъуэн папщ